{te dees na leen laaj xéewal yi bis booba}

Jële nañu ci Subayru Ibnul Awwaam mu wax ne: Bi aaya bii wàccee: {te dees na leen laaj xéewal yi bis booba} [At-Takaasuru: 8], As-Subayru dafa wax: yaw Yonnente Yàlla bi, ban xéewal lañu nuy laaj, te li fi am mooy ñaar yu ñuul yi rekk muy tàndarma ak ndox? Mu ne ko: «waaye nag dana am de».

[Tane na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ibnu Maaja]

Bi aaya bi wàccee: {te dees na leen laaj xéewal yi bu bis baa} maanaam: xalset na leen laaj ndax sant ngeen ci li leen Yàlla xéewalal ci ay xéewal, As-Subayru Ibnul Awwaam -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, ban xéewal lañu nuy laaj?! Te ñaari xéewal yi jarul laaj te mooy tàndarma ak ndox! Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: waaye nag dees na leen laaj xéewal ànd ak melokaan wii ngeen nekke yépp, ndax ñoom ñaari xéewal lañu yu màgg ci xéewali Yàlla yi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65075